

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan nu judulna “Novél Kasambet Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (*Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik*)” ngahasilkeun sababaraha kacindekan nu luyu jeung udagan panalungtikana nyaéta ngadéskrripsikeun novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri ngalewatan ulikan struktural (unsur intrinsik: téma, fakta carita, jeung sarana sastra) jeung unsur étnopédagogik pikeun bahan ajar maca novél di kelas SMP.

Novél *Kasambet* miboga téma kahirupan barudak pilemburan nu nyaritakeun Jang Udin jeung balad-baladna nu silih nyaah ka balarea, nulung kanu butuh nalang kanu susah, tuhu kana aturan agama jeung budaya, jrrd. Eusi caritana tina tinteraksi unggal tokoh, boh ngaliwatan paripolahna, omongan, boh pikiran tokoh loba pisan unsur étnopédagogik nu ngajadikeun manusa Sunda nu unggul (Maung).

Dina ngaguluyurkeun caritana, pangarang make galur maju. Di jero ieu novél palakuna aya 35 palaku, tina kabéh palaku éta aya nu ngan kacaritaleun dina sababaraha bagian carita. Dumasar fungsi na ogé nu jadi palaku utama nyaéta tokoh nu miboga peran penting dina jero carita. Dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri palaku utamana nyaéta: Jang Udin, Atun, Oji, Toto, jeung Ma Awit. sésana jadi palaku tambahan. Kabéh tokoh ieu dicaritakeun ku pangarang ngaliwatan puseur implengan katilu nu teu kawatesaan.

Latar dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri nu sacara umum ngagambarkeun ngeunaan kahirupan sosial jeung budaya pilemburan nu dibawakeun ku tokoh barudak. Latar tempat nu katitén dina ieu novél dibagi dua, aya luar ruangan jeung jero ruangan. Diantara dua éta nu pang lobana téh latar luar rohangan, kawas di tegal, buruan, bubulak, leuwi, jeung jalan pilemburan. Ai nu jero rohangan mah ngan sakur di imah jeung masigit. Dumasar ieu hal, katitén yén budak baheula mah loba ulin di luar jeung leuwih ngahiji ka alam.

Tokoh dina carita novél *Kasambet* nyirikeun kana manusa sunda anu Maung (manusa unggung) alatan luyu jeung gapura panca waluya nyaéta cageur, bener, bageur, pinter, singer, jeeung pangger. Karakterna ogé asup kana dalapan belas karakter ti kemendikbud. Dumasar hasil analisis bahan ajar ogé nuduhkeun ieu novél

cocog pikeun pangajaran maca novél di kelas IX SMP/MTs. Novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri ogé luyu pikeun bahan pangajaran lantaran miboga unsur sosial, budaya, sarta étika nu alus tur hadé. Alatan kitu ieu hasil panalungtikan téh dilarapkeun pikeun bahan pangajaran.

## 5.2 Implikasi

Nu ngarana hasil buatan manus amah moal aya nu sampurna, kitu ogé ieu hasil panalungtikan nu tangtu aya kahéngkérana, di antarana watek panalungtik nu ngajadikeun bérésna ngayayay, waktu nu heureut, tur hal liana nu teu pantes dituliskeun dina karya tulis ilmiah. Sanajan kitu, kaonjoyan tina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat tur mawa kahadéan, utamana pikeun nambahan pangaweruh nu maca jeung intansi nu kalibet jeung kamekaran élmu kasusastraan. Dumasar hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kamekaran étnopédagogik, hususna dina sastra Sunda, sarta bisa jadi alternatif bahan pangajaran basa Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Rékoméndasi nu dituliskeun di handap ieu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta 1) pikeun panalungtik satuluyna nu ti intansi Universitas Pendidikan Indonesia atawa ti luarna, 2) guru salaku nu bisa make ieu hasil panalungtikan dina wangun bahan ajar, jeung 3) murid nu mangrupa panerus bangsa tur nu bisa jadi bakal diajarkeun ngeunaan basa Sunda tina ieu bahan pangajaran. Ku kituna panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan kahareupna hususna dina kamekaran sastra Sunda.

Saran ti panulis, panalungtikan anu maluruh étnopédagogik kudu tuluy dilaksanakeun boh ku masarakat akademi atawa masarakat umum. Lantaran nu ngarana budaya lamun euweuh nu ngamumulé bakal lapur kaéléhkeun ku jaman. Alatan kit uku ayana panalungtikan étnopédagogik nu ngahijikeun antawa budaya kana pngajaran bisa ngawewegkeun kabudayaan jeung sastra Sunda.

Nu pamungkas, sabada neuleuman ieu novél, panalungtik ngarasa novél *Kasambet* kacida perlu dibaca ku siswa, guru, jeung masarakat umum. Ku sabab miboga ajén inajén nu luhur méré conto hadé pikeun hirup kumbuh di masarakat. Ku siswa mah ieu novél téh bisa jadi bahan bacaan pikeun siswa mikanyaho yén paripolah nu hadé sarta dilakukeun saperti nurut kana omongan kolot. Ku guru mah ieu novél téh bisa jadi bahan ajar nu hadé dina pangajarana pikeun méré conto ka siswa yén dina kahirupan téh kudu milampah paripolah nu hadé. Sedengkeun keur

masarakat bisa jadi bahan bacaan hadé lain bacaan keur budak wungkul tapi ogé pikeun kolot. Pangna kitu téh, lantaran dina ieu novél nyaritakeun kumaha hirup silih asah, silih asih, jeung silih asuh di papada anggota masarakat.